

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Paran nan eta Nouyòk vle gen plis enfòmasyon sou estanda pou on baz komen yo. Men kèk kesyon yo poze souvan ak kèk repons sou estanda yo. Tanzantan y ap mete dokiman sa a ajou. Tanpri kontakte pwofesè oswa direktè lekòl pitit ou pou ka gen plis enfòmasyon sou jan lekòl la ap mete estanda yo an pratik.

K: Ki sa estanda pou on baz komen yo ye?

R: Estanda pou on baz komen yo se ki sa elèv nan prematènèl rive 12yèm ane dwe konnen ak sa yo dwe kapab fè nan lang angle (*English language arts*) ak nan matematik. Estanda yo ap ede tout elèv nan eta Nouyòk la pou yo gen menm konesans. Sa pral pèmèt elèv yo gen bon jan preparasyon pou kolèj ak karyè. Estanda yo gen ladan chanjman oswa "modifikasyon," sou ki jan pwofesè dwe anseye timoun pou yo ede yo gen siksè ak ladrès nan matyè ki pi enpòtan yo. Estanda yo fèt pou ede tout jèn pou yo jwenn chemen kolèj ak karyè.

K: Èske estanda pou on baz komen yo vle di elèv yo ap aprann mwens?

R: Non. Estanda pou on baz komen yo baze sou kèk nan meyè estanda ki genyen nan diferan eta nan peyi a ak nan lòt peyi ansanm ak anpil rechèch sou sa ki nesesè pou reyisi nan travay ak nan edikasyon siperyè. Estanda pou on baz komen yo mande pwofesè ak elèv yo pou yo apwofondi konpetans ak konsèp ki an komen yo pou chak nivo. Sa vle di elèv yo ap aprann plis bagay sou mwens kantite sijè. Sa vle di tou pwofesè yo ap gen tan pou y anseye matyè yo ak plis detay. Sa ap bay elèv yo opòtinite pou yo byen konprann sa y ap anseye yo a.

K: Èske estanda yo di pwofesè yo kouman pou yo anseye?

R: Non. Se yon zouti pou ede pwofesè yo prepare meyè lesion ak aktivite pou klas yo. Estanda yo ede elèv ak paran konprann ki sa yo bezwen pou yo reyisi nan chak nivo. Estanda yo se yon plan ki enpòtan pou pwofesè, elèv ak paran.

K: Kouman yo devlope estanda yo ?

R: Karannsis eta rasanble espè, pwofesè ak chèchè pou ekri estanda pou on baz komen yo. Yo resevwa plis pase 10,000 kòmantè ak sijesyon. Anpil nan kòmantè ak sijesyon sa yo se pwofesè ak paran ki bay yo. Pwofesè ak paran Nouyòk apwouve estanda yo an 2010. Estanda yo apwopriye pou klas yo e yo ede elèv yo aprann plis lekòl. Tanpri vizite <http://corestandards.org/the-standards> pou ou li tout seri estanda yo.

K: Èske sa vle di ap gen plis egzamen?

R: Non. Estanda pou on baz komen yo pa vle di ap gen plis egzamen. Men ap gen egzamen ki differan ak egzamen ki pi bon. Apati avril 2013, Biwo Evelyasyon Eta Nouyòk pral teste elèv 3yèm ane rive 8yèm ane sou baz komen an nan angle (*English Language Arts*) ak nan matematik. Nan nouvo egzamen yo, y ap konsidere chanjman oswa "modifikasyon," nan estanda yo. Egzamen yo la pou y asire tout elèv bay rannman yo prevwa pou klas y ap fè a.

K: Èske nouvo egzamen yo ap pi difisil?

R: Toudabò, nouvo egzamen yo ka sanble yo pi difisil. Se nòmal. Nouvo egzamen yo baze sou "modifikasyon" nan estanda yo. Apre on tan, elèv ak pwofesè yo ap adapte yo ak objèktif klè yo tabli yo. Li posib tou elèv yo ka fè pi piti pwen nan premye oubyen dezyèm ane nouvo egzamen yo. Men, egzamen yo se yon zouti enpòtan pou amelyore nivo akademik elèv yo. Nouvo egzamen yo ap ede direktè lekòl ak pwofesè idantifye elèv ki ka bezwen èd anplis pou y al nan yon klas ki pi wo.

K: Ki sa travay sa a vle di pou elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann angle (*English Language Learners, ELLs*)?

R: Estanda yo ap pèmèt pwofesè yo gen plis tan pou anseye matyè yo ak plis detay. Kon sa, elèv yo va gen opòtinite pou yo konprann sa y ap anseye yo a pi byen. Gen esplikasyon klè sou jan pou y aplike estanda yo pou elèv k ap aprann angle ak elèv ki gen andikap. Anplis, tout eta yo pral travay ansanm pou yo kontinye amelyore sitiyasyon elèv sa yo. Kon sa, nou va gen yon bon sistèm sipò pou tout elèv.

Q: Ki sa estanda pou on baz komen yo vle di pou elèv toupatou nan peyi a?

R: Estanda yo tabli kondisyon klè sou ki jan timoun dwe aprann toupatou nan peyi a. Avan sa, chak eta te gen pwòp estanda akademik yo. Sa vle di elèv o Zetazini tap aprann diferan konsèp men yo pa tap aprann yo ak menm rapidite. Estanda pou on baz komen yo bay *tout* elèv nan Nouyòk menm chans pou y aprann nan menm nivo avanse a. Sa bay elèv yo plis chans pou yo gen siksè nan inivèsite, nan karyè yo ak nan lavi.

Q: Si yo monte nivo estanda yo, èske sa vle di gen plis chans pou elèv yo kite lekòl?

A: Sa pa vle di gen plis chans pou elèv yo kite lekòl. Dapre rechèch ki fèt, gen anpil faktè ki met ansanm ki lakoz elèv kite lekòl. Pa egzanp, 7 sou 10 jèn ki kite lekòl di yo pa t jwenn motivasyon oubyen enspirasyon pou yo travay di nan ayskoul. De tyè nan elèv ki kite lekòl yo di yo te ka travay pi di si yo te mande yo pou yo fè sa (tankou si te gen egzijans akademik ki pi avanse, si yo te gen pou y etidye plis, fè plis devwa).¹

Q: Èske aplikasyon estanda pou on baz komen yo nan angle ak nan matematik pral limite possiblite pou elèv pran lòt matyè tankou desen, edikasyon pwofesyonèl, edikasyon teknik?

A: Non. Nan Nouyòk, nou konprann enpòtans tout matyè genyen nan preparasyon elèv yo pou yo gen siksè apre yo fini ayskoul. Li enpòtan pou lavni eta a lè nou diplome elèv ki byen prepare. Estanda klè nou tabli pou baz komen an ap ede pwofesè yo anseye yon jan ki entegre tout matyè yo. Sa vle di y ap anseye elèv yo lesон ki entegre matematik, syans, syans sosyal, angle ak lòt matyè.

Q: Èske estanda pou on baz komen yo pini elèv ki nan lekòl ki pa bay bon rannman yo lè yo tabli yon seri egzijans ki pa reyalis?

A: Non. Twò souvan, yo pa atann twòp de elèv ki nan lekòl ki pa bay bon rannman yo. Nouyòk tabli estanda pou on baz komen yo pou *tout* elèv ka jwenn bon jan edikasyon.

Glosè:

- Modifikasyon – Yon chanjman nan jan pwofesè anseye ak nan jan elèv aprann lekòl
- Tèks – Nenpòt travay ki alekri
- Ki pa fiksyon – Tèks sou evenman reyèl nan lavi a oubyen sou reyalite
- Evidans – prèv ou jwenn nan tèks la
- Agiman – Jan elèv konvenk yon moun pou y asepte yon lide
- Jijman – Konklizyon yon elèv fè sou yon bagay li li
- Konsantrasyon – Aprann plis bagay sou mwens kantite sijè
- Vitès ak Presizyon – Ak ki vitès yon elèv ka rezoud yon pwoblèm matematik kòrèkteman

Sous:

- Common Core State Standards Initiative: <http://www.corestandards.org/>
- Council of Great City Schools: <http://www.cgcs.org>
- EngageNY: www.engageny.org
- Asosiyasyon nasyonal paran ak pwofesè (PTA an angle): <http://pta.org>